

BUBUKA

Modul 3 (tilu) dibere judul **Ngaronjatkeun Kaparigelan Nyarita di sd kelas Luhur**. Materi anu dipedar dina ieu modul ngeunaan : (1) Nyaritakeun hasil *nitenan* hiji hal; (2) Medar eusi buku; (3) Nepikeun Kritikan; (4) Biantara; (5) Kagiatan Sawala; Jeung (6) drama Barudak.

Eta genep aspek materi anu dipedar dina ieu modul teh, teu ngandung harti kudu di guar ku Saderek sacara teoritis; tapu sakedar keur ngingetkeun sarta jadi bahan guarkeuneun enggoning ngaronjatkeun kaparigelan nyarita murid SD kelas luhur bae. Hanas eta hayang apal teorina, eta mah perkarana sejen deui.

Kagiatan nitenan hiji hal, dina ieu modul geus dicontoan kumaparak-prakanana, tinggal ku Saderek diropea, dimekarkeun, dieuyeuban, jeung saterusna luyu jeung pangabutuh nu keur disanghareupan ku murid-murid. Anu paling penting nyaeta kumaha carana Saderek ngajurunglaku murid-murid sangkan daek jeung wanter cumarita ngagunakeun basa Sunda. Nu dicaritakeunnana nyaeta ngeunaan hasil panitennan tea.

Kitu deui jeung materi ngeunaan pedaran eusi buku. Tugas Saderek nyaeta nuntun murid-murid sangkan nyaho kumaha prak-praknanana medar buku. Sanggeus kitu, tangtu bae murid-murid teh kudu dipancenkeun pikeun nyaritakeun eusi buku nu geus dipedarna tea. Ku cara kitu, tanwande murid-murid teh kubakal mibanda pangalaman langsung ngagunakeun basa Sunda. Lian ti eta, tugas sejena Saderek kudu nengetan jeung nyatet kekecapan nu can merenah anu satuluyna baris dipedar babarengan dina akhir kagiatan atawa dina kagiatan sejenna.

Materi-materi sejenna anu diguar dina ieu modul sagemblengna ditujulkeun pikeun ngaronjatkeun kaparigelan nyarita pikeun murid-murid SD kelas luhur. Ku lantaran kitu, boh materi anu deukeut jeung aspek kaparigelan nyarita boh anu katenjona rada anggang, tetep bae kabehana bakal museur kana kagiatan nyarita. Geura pek ku saderek tengetan masing imeut, terus larapkeun kana kagiatan nyata (dipraktekkeun), pek bae ku Saderek pilih, materi mana nu pangheulana rek di jadikeun bahan uji-coba!

KEGIATAN DIAJAR 1
NGARONJATKEUN KAPARIGELAN NYARITA :
HASIL NITENAN, “PENGAMATAN”

A. Standar Kompetensi

Mampuh ngébréhkeun pikiran, perasaan, jeung kahayang sacara lisan “dina nyaritakeun hasil niténan (“pengamatan”)

B. Kamampuh Dasar

Nyaritakeun hasil niténan (“pengamatan”)

C. Daftar Rujukan

dr. Gorys Keraf. 1984. Komposisi Endé - Florés : Nusa Indah.

Drs. H. Abud Prawirasumantri Spk, 1990. Kamekaran, Adegan, Jeung kandaga Kecap Basa Sunda. Bandung : Geger Sunten.

D. Tingkesan Matéri

1. Pertélaan poko hal anu diteténan
2. Pertélaan secara rinci hasil niténan ku basanu ngaguluyur tur komunikatif.

Kegiatan niténan hiji hal, hiji perkara, hiji kayaan atawa perkara naon baé tangtu mérélukeun kadariaan.

Daria téh hiji sikep anu kacisa hadean. Geura pék baé titénan hiji pagawéan anu dipigawé teu karana daria kumaha hasilna. Dipigawé sahayuna, wawayagon. Hasilna tangtu moal nyugemakéun.

Babari ruksak, teu lila umurna. Migawé naon ogé kudu dibarung katalitian. Hirup heunteu taliti matak cilaka. Leumpang ogé mun teu taliti jeung ati-ati bias calaka. Komo deui para patugas kasehatan .

Pisakumahaen teuing lkamun mariksa ngubaran, atawa ngoperasi pasién kurang taliti apan temahna cilaka. Malah nepi ka hanteuna pisan

Dina perkara niténan (“pengamatan”) kudu jeung kasabaran. Sabar henteu haying rusuh garidus. Jalma sabar, apan cenah dipikaasih Gusti. Nu boga sifat sabar mah, jiwana tenang. Dina hal niténan kudu leukeun. Daék ngeureuyeuh digawé atawa ngusahakeun hiji perkara sanajan bangga, kadaék atawa karep anu teu suda-suda, henteu ngendoran.

Dina keur ngajalankeun prosés niténan, kudu dibiasakeun nyatet rupa-rupa hal kalawan gemet. Naon-naon hal nu di anggap penting dicatet. Ari nyatet kudu bener. Mun sahayuna, eta data nu diperelukeun, teu nyusahkeun. Sumawona, kudu dating deu ka tempat niténan.

Pertélaan

1. (“Penjelasan”) poko ngeunaan hal anu ditiénan.
Poko-poko hal anu ditiénan téh nyaéta warung sakola.
 - 1) Kaayaan jati diri warung
 - 2) Anu ngajaga/ngaladangan
 - 3) Rupa-rupa dahareun, atawa jajanan
 - 4) Tata letak, atawa parenahan tempat jalanan
 - 5) Anu jarajan murid (loba mana awéwé-lalaki)

- 6) Waktu jajan
- 7) Sabaraha rupa jajanan mareulina
- 8) Guru/TU jajan
- 9) Waktu suda nu jajan

Pertélaan :

1. Kayaan jati diri warung sakola maksudna nyaéta anu ngokolakeun, saha, jeung kaayaan tempatna
2. Anu ngjaga/ngladangan téh saha. Budak/kolot, pagawé husus, kulawarga penjaga sakola.
3. Rupa-rupa jajanan, maksudna nu dijualna téh jieunan sorangan, kiriman, comro, géhu, jste.
4. Tata letak/perenahna tempat cicingna jajanan, maksudna dina piring, dibakian, dilomari kacaan, pantes/henteuna.
5. Anu jarajan, maksudna anu balanja téh saha. Loba mana awéwé/lalaki. Mindeung/heunteuna jajan. (frékuénsi dating jajan)
6. Waktu jajan, maksudna nyaéta iraha jajana: waktu istirahat, sakalian nyimpang bari rék ka warung, atawa geus bubar sakola.
7. Sabaraha rupa jajanan nu dibeulina (hiji géhu, 2 comro)
8. Guru/TU jajan, maksudna nya éta ari guru/TU milu pasedek jeung murid, jajanan dianteurkeun ka kantor.
9. Waktu suda nu jalan, maksudna nya éta iraha waktu euweuh anu balanja. Sanggeus murid arasup ka kelas, waktu bubaran sakola, jste.

Pok lisankeun hasil niténan warung sakola téh sing ngaguluyur.

Cara ngajarkeun tata cara niténan ('pengamatan') kana hiji hal



1. Guru mawa hiji barang kahareupeun kelas, ukuran barang anu dibawa kudu kaciri ku murid sakola "Ieu barang rék ditunda dina luhur méja!"

Pék arilikan sing titén sing gemet.

Geusan niténan ieu barang di béré kesempatan 5 menit

Poko-poko hal paniténan

1. Bahan baku
2. Warung barang
3. Ciri barang



2. Murid niténan barang \pm 5 menit sanggeus 5 menit éta barang téh dicokot terus diteundeun dinu buni
 3. Maksud haying terang tingkat katalitian jeung kandariaan basa niténan barang, guru nugaskeun siswa sangkan ngagambar barang anu dititénan.
 4. Gambar barang dikumpulkeun dipariksa kalawan gemet.
 5. Barang nu tadi ditongtonkeun (nu asli) ditunda deui luhur méja. Murid-murid neges-neges. Maranéhna ngakurkeun jeung nu aya dina pikiran masing-masing. Nu teu akur ngaraku kahéngkér, kasalahan henteu sampurna ngagambar. Tangtu baé, anu daria katut taliti mah gambaran alus akur jeung barang sorangan anu aslina
-
2. Pertélaan sacara rinci hasil niténan ku basa ngaguluyur tur komunikatif. Pembelajaran geus réngsé ngayakeun panitén kana warung sakola. Pertélaan poko geus rinci. Sagala rupa hal anu aya patalina jeung prosés niténan dipariksa, dilengkepan deui. Sacara catetan pondok mah geus lengkep éta hasil observasi, “pengamatan, atawa niténan téh mangrupa data anu nyata ti “lapangan” (tempat observasi).

Éta data téh bias “diumumkeun” sabab sanajan catetan geus lengkep sapuratina masih mangrupa catetan anu sifatna pribadi. Aya deui hal atawa media, alat anu kudu nepikeun, anu ngawadahan laporan data nya éta basa.

Sanajan data/hasil observasi téh lengkep sapuratina ari basana goréng/kurang hade moal bias kabaca ku batur.

Basa anu dipaké kudu merenah larap kecapna(diksina), susunan kalimahna, kudu ngaguluyur. Basana komunikatif. Maksudna éta basa téh gampang dipikahartina ku nu maca. Sopan teu ngagunakeun kekecapan anu kasar.

Data, hasil observasi, hasil panitén ditulis maké basa anu komunikatif jeung sopan sifatna.

Eukeur mah datana lengkep, katurug-turug basana hade tinangtu laporan hasil niténan hasil observasi téh teu narik ati nu maca.

E. Latihan

1. Kagiatan niténan téh nya éta
 - a. Sarua jeung kagiatan observasi
 - b. Observasi téh kagiatan “pengamatan”
 - c. Kagiatan langsung pengamatan obyék nu bakal di talungtik
 - d. Kagiatan “observasi” langsung kana obyék anu bakal dititénan.
2. “Pengamatan” bias dilaksanakeun kalawan (KAJABA)
 - a. Dina waktu anu samporét
 - b. Dina waktu anu laluasa
 - c. Relative gancang
 - d. Data anu dikumpulkeun gancang kapanggih
3. Jalma réa mah, hal-hal anu biasa karandapan sapopoé, disabudereun kahirupanana anu ditempo, dirasakeun téh.....
 - a. Teu narik perhatian da geus tutur
 - b. Teu weléh narik perhatian sabab lingkungan dirina
 - c. Teu kudu diperhatikeun kumaha-kumahana.
 - d. Diperhatikeun kacida hade goréng langkungan sorangan
4. Kagiatan niténan merlukeun sikep taliti jeung percéka
 - a. Sabab bakal ngalantarankeun kaayaan data anu di teténan kurang hade.
 - b. Sabab kadariaan téh hiji-hijina sikep anu tetep kudu diéstokeun
 - c. Sikep sabar ngabantu kagiatan nitén jadi leuwih lengkep
 - d. Sabab salian ti taliti kudu pinter ngatur urusan pagawéan, réa kabisa jeung réa kanyaho.
5. Saméméh ngalaksanakeun “pengamatan”, panitén perelu.....
 - a. Katerangan, data awal pikeun tatan-tatan nyusun sagala rupa kaperluan
 - b. Waragad tur tanaga anus aged ku rupa-rupa pakakas

- c. Data keur ngatur strategi di lapangan dina nyanghareupan obyék titénan.
- d. Data anu bakal dicaritakeun maké basa komunikatif tur santun.

KEGIATAN DIAJAR 2
NGARONJATKEUN KAPARIGELAN
NGAJARKEUN NYARITA : NGABAHAS EUSI BUKU

A Standar Kompetensi

Mampuh ngébréhkeun pikiran, perasaan, jeung kahayang sacara lisan “dina nyaritakeun : ngabahas eusi buku”

B. Kamampuh Dasar

Ngabahas eusi buku

C. Daftar Rujukan

dr Gorys Keraf. 1984. Komposisi Endé-Florés: Nusa Indah.

Jakob Sumarjo & Saini KM. 1986. Apresiasi Kesuteraan. Jakarta : Gramédia.

D. Tingkesan Materi

1. Ngadaftarkeun poko=poko eusi buku
2. Nuliskeun bédana jeung sasaruaannana poko-poko eusi buku nu dibaca ku babaturan jeung daftar nu dijieun ku sorangan.
3. Nepikeun pamanggih sorangan dumasar kana hasil ngabandingkeun catetan sorangan jeung catetan babaturan.

(Pedaran Umum)

Kabiasaan maca buku pikeun barudak, utamana pikeun murid kelas luhur mah dipukpruk, sangkan henteu leungit sumangetna.

Pada terang maca téh bakal nimukeun informasi, paélmuan pangaweruh, jeung rupa-rupa katerangan séjénna.

Maca mah nimukeun rupa informasi, papanggih jeung tokoh-tokoh terkenal, ngalaman sorangan digulidag tsunami, dikubur lava gunung bitu... teu kudu incah balilahan ti imah. Maca hiji, “pagawéan” pangaresep, anu dilaksanakeunana teu ngaluarkeun ongkos. Modalna karep jeung kadaék.

Mokaha leubeut ku beubeunangan maca buku mah. Lir urang ngundeur di kebon anu ngemplok héjo. Rupa-rupa sayur pikabitaen kari milih kari naruk luyu jeung nu dipikabutuh.

Maca buku kudu dibiasakeun bari nyieun catetan. Naon hal anu jadi poko dina bacaan, ditulis kalawan titén. Saupama diperlukeun, teu kudu ngungkab deui bukuna. Cukup ningalan catetan téa. Kitu deui nuliskeun sinofsis/ihtisan bacaan, katut judul buku jeung nu ngarangna kitu deui ngaran penerbitna, kota, jeung titimangsa kaluarna. Malah format jeung warna gambar jilid ogé aya hadean dicatet/dipotokopi.

Di mana engké diakurkeun jeung catetan batur ngeunaan poko-poko bacan, jeung koméntar kana bacaan, tinggal urang muka catetan baé. Gancang tur praktis. Ku kitu bakal katangén deui, geus sabaraha jumlah buku anu dibaca.

Sanggeus urang maca buku, nyieun catetan jeung koméntarna. Terus ngbandingkeun jeung hasil maca babaturan, tangtu urang bakal bias ngoméntaran atawa mere tanggapan kana catetan beunang nyieun babaturan sanggeus ngabanding-banding jeung catetan batur téa.

1. Nagaftarkeun poko-poko eusi buku

Catetan :

Buku nu dibaca, “Dongéng-dongéng NINI”, karangan Ki Umbara.

Ki Umbara pangarang anu seueur buku karyana. Ki Umbara, name samara atanapi sandi asma tina Ranusulaksana anjeunna. Lami janten rédaksi Majalah Manglé (dugi ka pupusna).

Data buku : Ukuran

Warna buku : $\frac{3}{4}$ ka luhur warna koneng

$\frac{1}{4}$ ka handap warna bodas

Gambar jilid : dina latar warna konéng

Aya jalma ditotopong keur tumpak kuda, dipegat ku jalma bengis bari ngabar bedog arék mergasa

Buku dikaluarkeun ku : Rahmat Cijulang, Eusi buku kumpulan Carita Dongéng.

Poko –poko eusi buku dongéng

- a. Ki Dipa dititah nagih.
 - b. Balikna dirampong bégal
 - c. Paménta Ki Dipa, malar bajuna ditémbakan, aya kesan dirampog, pélor beak. Rampog kaluar.
 - d. Paménta Ki Dipa, malar bajuna ditémbakan, aya kesan dirampog, pélor béak. Rampog kabur.
2. Paninggaran Nu welas Asih
- Poko-poko eusi dongéng
- a. Paninggaran ka leuweung rék moro
 - b. Uncal bikang dating
Anakna nyampeurkeun
Anakna nyusu diusapkan welas asih
 - c. Paninggaran indit, teu téga.
3. Jelema sabenerna
- Poko-poko eusi dongéng
- a. Jalma malarat nuar kai
Balincong ngacleng ka talaga
 - b. Ditulungan aki-aki

- Teuleum 1 nembongkeun balincong pérak
 - Teuleum 2 némbongkeun baliung emas (teu diaku)
 - Teuleum 3 némbongkeun balincong romping. Diaku
- c. Aki-aki atah, ku sikep tukang ka baliung sérak-emas di bikeun. Aki-aki ngilés.

4. Simbut

Poko-poko eusi dongeng

- a. Aki-aki anak dua
Awéwé randa malarat
Lalaki (lanceukna) beunghar
- b. Anak lalaki jolédar
Kitu deui minantu
- c. Aki pindah ka anak awéwé
Hayang ngeunah hate
- d. Peuting tiris ménta simbut euweuh
- e. Menta ka anak lalaki di béré simbut butut
Ku incuna ditilepan diteundeun dina Koperna
- f. Incuna mikeun anuna hu hadé'
- g. Bapana ambek, simbut dibikeun ka akina
Incuna karunyaen
Ceuk bapana, keur naon simbut butut?
Keur bapa jaga menggeus kawas aki.
- h. Anakna mikanyaah
Cicing di anakna.

5. Monyét jeung Peucang

Poko-poko eusi dongéng

- a. Monyét dahar jambu
- b. Peucang kabitaeun
- c. Peucang nyarita lemes

- d. Monyét teu mere
 - e. Monyét teu mere
 - f. Monyét malédog ku jambu
6. Nu nyaah ka Sato
- a. Haji Saléh nyaah ka Kuda
Nu dipiara ti belona
 - b. Keur tumpak kuda
Tas nagihan di bégal
 - c. Bégal di téjéh kuda
 - d. Kuda kakadék bégal
 - e. Kuda di ubaran, cageur
 - f. Di “Pasar Binatang,” kuda

Poko-pok eusi buku dongéng

Nu di jieun kubabaturan (B)

1. Ki Dipa dibégal
 - a. Dititah nagih
 - b. Dirampog bégal
 - c. Rampog katipo

2. Paninggaran Nu Welas Asih
 - a. Paninggaran moro
 - b. Indung uncal dating
 - c. Anakna dating
 - d. Paninggaran mulang

3. Jelema sabenerna
 - a. Nuar kai
 - b. Baliung ragrag
 - c. Ditulungan aki-aki

- d. Lain bogana
 - e. Meunang ganjaran
4. Simbut
- a. Aki-aki
Boga anak
 - b. Cicing di anak laki-laki
Beunghar teu betah
 - c. Pindah ka anak awéwé sangsara
5. Monyét jeung Peucang
- a. Monyét medit
 - b. Diosol-osol peucang
 - c. Monyét ambek
Malédog ku jambu
 - d. Peucang dahar jambu
6. Nu nyaah ka sato
- a. H. Saléh nyaah ka Sato
 - b. Dirampog
 - c. Ditulungan ku sato
 - d. Kuda di kadék
 - e. Cageur diubaran
 - f. Meunang panghargaan

Keur nguji kaparigelan

Nagadaftarkeun poko-poko eusi buku (bacaan), pék baé tengetan “Teu weléh gedé milik”. Caritakeun poko-poko eusi bacaan téh!

TEU WELEH GEDE MILIK

Dina hiji waktu aya hiji peucang ajleng-ajlengan semua anu rurusuhan pisan muru kana hiji rungkun, arék ngiruhan.

Ari barang gajleng kana jero rungkun, ari dengké téh anak séro anu keur garumuling kénéh disarada, sadua-dua katincak ku manéhna nepi ka méréjel teu empés-empées deui.

Peucang ngajengjen meunang sababaraha jongjongan nénjo anak séro anu katincak nepi ka hanteuna téh. Tuluy nogomong dina jero haténa: “Emh gedé dosa ieu aing téh

Deudeuh teuing anakng..... bari ngalimba

“Duh cilaka, kumaha ari kieu? Tada teuing amarahna indung bapana. Naha mending buru-buru aing lumpat ti dieu bisi kaburu kanyahoan?” Lila-lila pok ngomong dina jero haténa:

“ah.... Mending ngadagoan indung bapana datang, rék terus terang wakca bbalaka henteu dihaja. sSugan balaka mah piraku teu nghampura. “ Peucang uleng mikiran kumaha nya pijawabeun lamun indung bapana séro teu tunyanya bari ambek. Teu kungsi lila jol indung bapana séro téh datang rarébo ku babawaan. Duanana pada-pada ngégél lélé jeung kéhkél ngaheumheum beunteur meunang ngahaja hésé cape, balangsiarkeur nu jadi anakna.

Anu tadina gedé hate pédah meunang rejeuki geusan hakaneun anakna, barang srog ka tempat anakna téa ujug-ujug rumpuyuk baé rompohoy, leuleus satulang sandi, cipanonna murubut, rék nyoara heunteu bias, asa kaseumat tikoro, nénjo anakna méjréel geus jadi bangké, getihna ngalukrah.

Sanggeus rada inget deui, pok séro téh ngomong lumengis tapi bari semu keuheul, nyanghareup ka peucang anu ngeluk tungkul.

“Eh, sakadang peucang, teu nyana nya sampéan bet kieu peta. Iri dengki, jail julig binasa ka papada kaula. Na karah boga dosa naon kaula ka bangsa anjeun, ku maha rarasaan mun anjeunboga anak ditandasa ku batur?

Eukeur mah kakara jeung meunang haying kaula téh boga anak ari ayeuna kieu buktina.

Moal néangan jurig nu teu kadéuleu, kaulia melik teu suka

Anjeun barid didakwakeun kapangadilan, baris dibawa ka Ratu! Séro jaluna poporongos,

Sarébu moal rék buntu, salaksa kaula suka kana pangersa anjeun, Sakadang Séro ...”Ceuk Peucang” Heug sukur lamun kitu. Hayoh ayeuna rék diiringkeun ku kaula jeung pamajikan, urang ka karaton!” cek Séro bari carengkat laleuleus-leuleus ogé maksakeun.

Kucaritakeun di karaton, Sang ratu Pérak (Sakadang Toéd) keur sinéwéka jeung patih Krincing wesi (landak) dideuheusan ku galandang, Sakadang caladi.

Babarempungan antara Ratu, Petih jeung Galandang katunda, kapegat ku nu anyar dating, Sakadang peucang jeung Sérong téa.

Pok Sang Ratu nanya:

“Aya naon ieu téh Sakadang Séro jeung sakadang peucang daratang sareng pun bojo dumeuheus téh wiréh abdi teu suka, pun anak dileyek ku ieu sakadang peucang dongkap ka maraotna, padahal ku emutan, abdi téh teu gaduh kalepatan ka Sakadang Peucang téh.....”

“eu, eu, eu.....” cek sang Ratu Pérak téréwés.

“Na anjeun bet peta kitu? Dosa éta téh Sakadang peucang! Cing naon atuh sabab musababna pangana ngaleyek anak Sakadang Kéong anu ka ditu ka dieu ngagandong baé rorompok. Abdi luncat kana rungkun aya anu baris katincaknya sipatna seuneu Sakadang Séro....”

“Eu... eu... eu... teu salah ari kitu mah. Cing tua kampong geura téang sakadang kéong, disaur ku kaula kituh”

Geleber Galandang téh hibeur nyusulan Sakadang Kéong. Teu lila Sakadang Kéong geus karingkeun, dtang ka payuneun Sang Ratu, Sang Ratu mariksa.

“Ke Sakadang Kéong, sukur dating buru-buru, cirining satia tuhu ka Ratu, teu ngijjing sila béngkok sembah, ké kaula téh rék nanyakeun naon sababna pangna pagawéan amjeun ka ditu ka dieu bet ngagandong baé, matak ngarewaskeun batur siga nunyingsieunan. Ngadupak batur nepi ka aya kajadian, anak sakadang Séro perlaya katincak ku sakadang peucang anu reuwas sieun kadupak ku sampéan?”

“Timbalan.....”Walon,Kéong Ngaraos lebar nu mawi kitu téh sun. Sesah midamel rorompok téh, ditinggalkeun bilih aya nu ngaduruk. Da abdi gé sieun, sieun ku

sakadang cika-cika anu kaditu kadieu téh ngabantun baé obor bilih ngaduruk rorompok.

“Teu salah deuih atuh ari kitu mah andika ogé. Ayeuna calukan Sakadang cika-cika téh Dang! Saur Sang Ratu ka Galandang

Geleber deui Galandang téh hiber rék néangan sakadang cita-cita seja nepikeun dawuhan Ratu. Saméméh kakalayaan ngemban timbalan, Galandang téh ngarasa cape, Geleber hiber kana hiji puncak tangkal kai gedé rék ngareureuhkeun cape, bari nyawang kaéndahan alam. Ngabeberah haténa anu cape tur ripuh. Ngong Ngaharing, pupuhna pucung, disambung ku asmarandana

:

1. Aduh –aduh awak téh ngarasa ripuh
Ku kalayaan
Hiber ka mana mendi
Ngemban tugas dawuh ratu sabda raja
2. Bongan nasib pareng jadi tua kampung
Atawa galandang
Jadi bujang abdi-abdi
Nya kaula nu hampang birit ngaranna
3. Asa bagja aya bedana ti batur
Pamatuk tohaga
Kuat seukeut turta lancip
Mun nontrokan panjarkeun eukeur ngohkolan
4. Mun ngohkolan majar ngabéjaan batur
Kudu gagancangan
Ngariung rempug gempungan
Aya béja nu penting keur balaréa.

Geus kitu geleber ka ditu, geleber ka dieu. Néangan nu ditéangan. Tapi ieu hasil, kalahka capéna baé

Geleber deui kada pangreureuhan. Ngong ngawih deui.

ASMARANDANA

1. Aéh-aéh teu kapikir
Apan ieu the tibeurang
Naha dibéréan poho
Cika-cika mah ayana
Ti peuting nya hiberna
Ngalayang mamawa lampu
Kulap kelip kikiceupan.

2. Reup bray reup bray kulap kelip
Jeung bari kakalayanan
Suat-siet di nu poék
Aya nu ditéangan
Rupaning kahakanan
Hiber henteu tambu laku
Aya nu didamaran

Barang reup peuting, sakadang caladi kakrék hiber deui, néangan sakadang cika-cika. Sanggeus papanggih pok ngadadarkeun pamaksudannana. Sakadang cika-cika teu talangké ber hiber dibarengan ke galandang, ngajugjug ka pangkon Sang Ratu.

Barang nepi , Sang Ratu ngadawuh. “Eu, eu, eu... cirina sampéan migusti ka kaulanya, nu matak teu kalékéd téh.

Gentak dating nohonan panyaur, sukur sakadang cika-cika sukur. Ualah reuwasreuwas nya? Pangna di téang téh rék ditanya, naon sababna anu matak ka ditu ka dieu bet mamawa obor? Nepi ka tuh geura sakadang séro mani carindul kitu nyeungceurikan anakna maraot!”

“Sumuhun timbalan, pangna abdi gaduh peta kitu téh, sanés pisan seja nyilakakeun nu sanés namun abdi taya deui mung ngdamelan jiret baé, geusan ngajiret batur. Tah ku kituna upami abdi anu kaleresan kajiretna moal sesah, tangtos jiretna disunduut ku obor. Mangga nyanggakeun, sakitu piunjuk abdi Gusti....” Ceuk Sakadang Cika-cika

“Heeh, kaharti ku kaula ari kitu mah. Jadi atuh ayeuna kudu neang Sakadang Lancanah.....” Saur sang Ratu an uterus miwarang Galandang deui.

Heuleut sawatara jam sakadang Lancanah geus karingkeun. Madep Kapayuneun Sang Ratu.. Sang Ratu Tumaros ka Sakadang Lancanah, tina hal gawVna nyieunan waé jirét téa, pk Sakadang Lancanah ngawalon, ancad laér tapi bérés malar kaharti ku saréréa sakur anu ngariung harita.

“Emh Kanjeung Gusti, nyanggakeun bebendu, taya sanés pangna abdi gusti gaduh peta kitu téh wiréhing keuheul ka Skadang Papatong. Kumalendang di pawenangan téh katinggalna mung ukur senang-senang baé.

Saban usik damelna igel-igelan. Kakalayaan di awing-awang di séépkeun pisan ku sorangan kasenangan téh, teu ngageuhan ka nu sanes. Pamungkasna mangga nyanggakeun timbang taraju salira Jeng Ratu anu kagungan.

“Emh, emh..... emh, bener kaharti éta katerangan sampéan téh. Sukur-sukur sarupa kitu mah anjeun teu salah teuing.”

“ Nya ayeuna bagian Galandang deui, wayahna capcapé kudu indit nepungan Sakadang Papatong. “Dawuh Sang Ratu Bari manggut ka Galandang anu tuluy ber deui hiber ngemban piwarangan.

Kira-kira sapanyepuhan Sakadang Papatong geus marek ka payunan Sang Ratu. Sanggeus dipariksa pok Sakadang Papatong unjukan

“Nun Gusti awon teu kapi unjuk, nu mawi abdi kieu peta téh wiréh ngaraos bungah baé sareng lebar kana tatabeuhan anu brangbringbung. Ma enya sina brangbringbung teu puguh teu aya anu ngigelannana.

“Na saha jeung dimana aya anu tatabeuhan téh? Sang Ratu mariksa hari neuteup

Sumun Sakadang Bangkong, geuning mani ngageder baé di unggal-unggal wahangan, émpang-émpang sareng sawah téh sun.....”cek sakadang Papatong

“Teu salah atuh sampéan ogé ari kitu mah. Jung geura angkir ka dieu kituh Sakadang Bangkoang cek kaula..”Saur Sang Ratu Galandang

Barang Sakadang Bangkoang geus andéprok di payuneun sang Rau, pék dipariksa, naon sababna anu matak ngan ngageder baé tatabeuhan. Sakadang Bangkong ngawalon semu hari weusweus, tapi tétéla:

“Sumun timbalan; taya sanes kajabi ti abdi téh ngaraos bingah. Bingah anu taya hinggana wiréh asa ku teu kedah sesah-sesah udar-ider ka nu lebih nyiar kabedahkeun ku Sakadang Keuyeup mah, sim abdi teu teurang!”

“Hihih, pada boga alesan geuning. Sukur Sakadang Bangkoang. Ari kitu mah andika teu merenah dihukum. Tong léléda, jung geura sina ka dieu sakadang keuyeup téh, ieu siding hiber nyusulan Keuyeup.

Ngan baé sial ayeuna mah Galandang téh, pangangkirna ku Sa Kadang Keuyeup teu digugu.

Sanggeus laporan ka Sang Rau, pok deui Sang Ratu nimbalan Bari rada bendu

“ Eéh... naha bet kitu nya. Sakadang keuyeup mah.

Sugan kudu ku sampéan ka dituh Patih Krincing Wesi.

Ditéangan téh... “ Dawuh Ratu bari ngrévt ka Sakadang Landak anu keur ngalaenggut nundutan kesel asa lila teuing laljo siding.

Sakadang Landak ngoréjat semu isin ku Sang Ratu.

Sieun katohyan nundutan, pudigdig murindingkeun cucuk-cukna. Tuluy ngajigrig ngemban piwarangan, manggul piutus Sang Ratu.

Kitu Deui bée, pangajak sang Patih ogé teu didéngé ku Sakadang Keuyeup téh. Nya kapaksa laporan ka Sang Ratu.

Sang Ratu bendu raos teu diajénan keu Sakadang Keuyeup tuluy sakur nu ngariung téh silih Tanya naon kira-kira salahna pangna Sakadang Keuyeup teu nurut kana piutus Ratu. Keur kitu, kadéngé aya sora. Cakcak tina sela-sela dahan kai. Teu diondang ogé bet ngabéjaan. Dasar cacak baé boga sipak sok comél ngabvja-béjakeun rasiyah batur, pokna siga anu tetembangan :

“Si keuyeup mah si Keuyeup mah

Ka Ratu sosok cucungah

Ka Raja daék ngabantah

Teu nurut kana paréntah!

Gawéna keur nyieun liang

Geusan ngagowok Sang Bango

Geusan nyangkéré Sang lélé

Maksudna arék bubujang!

Lamun lauk geus ngagowok

Dina liang anu jero

Moal babari di kodok

Di gadabah ku Sang Séro.....!
 Cak! Cak! Cak!.

“Tah, tah, antra tétéla. “Ceuk Sakadang cackcak. Geuning keur mikihikeun Sakadang lauk cenah gadagna si Sakadang Lauk, si Keuyeup ajar ogé, meunang jadi kahakanan sakadang séro. Bongan boga peta ngijing sila sengkok sembah. Cucungah, matangul, bedegong ka anu jadi Raja.....” Dawuh Sang Ratu bari ngetrok palu tanda sidang geus lekasan. Tepika Kiwari Keuyeup mah dihakan ku séro téh éstu digares siga anu puas pisan. Nepi ka kulit-kulitna taya anu sisésakeun.

2. Isikeun bédana-saruana, poko eusi buku, jieunan A-jieunan B.

- Sasaran -	-Perbedan-
1. Poko nu dibahas 2. buku dongeng nu dibahas 3. 4.	1. Rincian poko eusi buku 2. Susunan kalimat 3. 4. 5. jste

Pék baé guru neruskeun néangan sasaranana jeung perbédaan poko-poko eusi bahsan. Teruskeun sajembar-jembarna.

3. Nepikeun pamanggiung sorangan dumasar kana hasil ngabandingkeun catetan sorangan jeung catetan babaturan. Isikeun bédana-saruana, poko eusi buku, jieunan A-jieunan B.

Nan hasil babndingan jeung sasaruana anu dijieun, tétéla pagawéan aya bédana jeung aya saruana. Da puguh dijieun ku jalma anu béda. Béda pamangih jeung béda cara nyaritakeunana.

Pasualan anu dicaritakeun, basa kalimat anu dipaké ogé mawa cirri masing-masing.

Ngagambarkeun, saha anu migawéna.

Ebréhkeun Sacara lisan pamanggih sdrk, kana poko carita,"Teu weléh gedé milik."

Kumaha pamangging ngeunaan pangadilan dilaksanakeun ku Sang Ratu?

E. Latihan

1. Ngabahas eusi buku, leuwih tiheula anu kudu dipigawé, nya éta...
 - a. ningali daftar eusi buku
 - b. niténan ringkesan eusi buku
 - c. maca eusi buku kalawan gemet
 - d. maca ringkesan, ulasan buku dijilid luar (ditukang)

2. Ngabahas eusi buku, maksudna nya éta.....
 - a. niténan naon-naon anu dicaritakeun dina buku
 - b. nyaritakeun, mertvlakeun rupa-rupa hal eusi buku
 - c. medar, nerangkeun atawa ngabadamikeun, hal eusi buku
 - d. mere tinimbangan kana nu di pertélakeun eusi buku.

3. Eusi buku téh bias disarikeun mangrupa wangun.....
 - a. runtuyan kalimah
 - b. poko-poko eusi buku
 - c. paragraph-paragraf
 - d. kalimah gagasan

4. Nyieun poko-poko eusi buku téh.....
 - a. Sanajan sumber bukuna sarua dijieun ku duaan bakal béda
 - b. Sanajan dijieun ku duaan bakal sarua maksudna
 - c. kudu sasingget-singgetna malar ringkes

d. kudu ngagunakeun kalimah wawaran.

5. Eusi buku téh bias dibahas dumasar kana tujuan, sabab.....

a. unggal buku dijieun dumasar kana maksud nu jinek

b. tujuan medar téh béda-béda maksudna

c. unggal buku bias ditilik tina widang anu béda

d. eusi buku ukur bias dibahas ti hiji jahad.

KAGIATAN DIAJAR 3
NGARONJATKEUN KAPARIGEULAN
NGAJARKEUN NYARITA : NEPIKEUN KRITIK

A. Standar Kompetensi

Mampuh ngébréhkeun pikiran, perasaan jeung kahayang sacara lisan dina nyaritakeun : nepikeun kritik

B. Kamampuh Dasar

Nepikeun kritik

D. Daftar Rujukan

Dr. Garus Keraf. 1984. *Komposisi*. Endé-Florés: Nusa Indah.

Drs. Ano Karsana, Mp.d. S.pk. Pendidikan Bahasa Daerah, 1992. Bandung : andira.

Akub Sumarna (tanpa taun). *Kabita ku Milik Batur*. Bandung : Srikandi Ayu

E. Tingkesan Materi

1. Nyaritakeun poko-poko nu diteupikeun selaku kritik luyu jeung permasalahan.
2. Nepikeun kritik kalawan alesan anu logis make basa anu sopan.

Kritik moyok, nyawad atawa koméntar, mindeng disartaan ku pedaran jeung pertimbangan hade goring anu ditujukeun kana hiji pagawéan, pamanggih, kayaan, jste.

Dina pergaulan hirup sapopoé mindeng nyaksian aya jalma anu nyempad anu moyok, malah nyarékan sagala kusabab nempo hiji hal. Naon bée anu henteu luyu jeung anu sakuduna.

Geura aya nu nyarita sarupa kieu.....

- 1) Tong make baju anu éta, eukeur mah awak téh gedé, pék potongan bajuna kawas kitu
- 2) Goréng patut teuing nyarita téh, kawas kitu.
- 3) Tong make haying milu kontés lagu dangdut sagala, apan sora téh sakitu hadena
- 4) Tong masang bandéra nu éta, geus kotor. Tuh nu anyar.
- 5) Gambar téh hadean mah hade ngan ukuranna leutik teuing.

Loba jalma anu teu resép dikritik. Boa ambék. Komo lamun basa nu dipaké nyarita téh kasar, teu merenah.

Mun seug anu dipaké nyarita téh lemes, lentongna hadv tangtu anu dikritik moal ngarasa digeunggeureuhkeun atawa dipoyok.

Bapa, rupina mah sanés nu ieu maksudna anu dianggo téh. Nu ieu mah janten ngirangan kana cahaya salira

Bandingkeun jeung caritakeun nu ieu.

Bapa, mani teu bisa milih. Maké baju nu ieu mah jadi goring patut. Eukeur mah Pék.....

Aya ungkara basa anu patali jeung sopan santun makéna basa, saperti hade basa, teu tata basa, bas amah teu meuli ieu, basana garihal, nyaritana teureugeus, nyaritana candél, nyarita ancad laér, nyaritana paséhat, jste.

Nyaritakeun jeung nyatet poko-poko nu diteupikeun salaku kritik luyu jeung permasalahan

Permasalahan :

Kelas teu nyaman dipaké diajar

Kelas téh kudu bérésih, hégar, seger tur narik ati pikabeutaheun

Cing pék caritakeun kudu kumaha, kumaha kahayang malar luyu jeung nu dirasakeun diluhur tadi

Supaya teu poho tur sistematis (puguh susunanana) caritakeun nu bieu téh, catetkeun poko-pokona baé.

Kaparigeulan guru mere pancingan (stimulus) ka murid kacida pisan dikaharepna.

Sangkan murid téh nepikeun réspon tina naon-naon permasalahan anu ditepikeun tadi laluasa suasana katut kritikanana ogv variatif (rupa-rupa) . Kitu deui dina mukéna basa spontan.

Ku guru bakal kacatet murid (pembelajar) anu make basa Sunda kalawan sopan atawa annu teu merenah.

Caritakeun nu ngandung permasalahan.

Di Jalan raya ayeuna mindeng pisan aya kacilakaan. Kacilakaan mimindengna mah alesan jalma. Supir anu maju tarik pisan, nepi ka teu bias ngadalikeun mobilna luak-léok ka mana jigna. Ngelos erém. Kitu deui loba anu teu maliré kana rambu-rambu lalu lintas anu jarekjek dipasang disisi jalan.

Anu kudu ati-ati ngajalankeunana anggur ngebut, upamana, anua aya pasar, aya sakola, aya tempat raramean.

Mindeng katangén angkot eureun dina péngkolan. Nu kieu, ngahalangan panempo batur anu rék miheulaan.

Aya ogé kacilakan anu sasatna dijieun ku petugas, upamana, masangrambu anu salah atawa teu merenah. Gambar/tandana teu béntés nuduhkeun ka mana.

Atawa, anu sakuduna aya rambu-rambu, teu dipasangan. Nu nyupiran moal boa jalma anyar anu datang ka hiji kota, teu apalaeun yen di

Baca sing taliti !

Terus catet poko-poko eusi caritaan téh!

Poko-poko eusi caritakeun

- 1.
- 2.
- 3.
- 4.
- 5.
6. Jste.

Jieun permasalahan-permasalahan anu bias nimbulkeun kedalna kritikan ti réspondén.
<u>Permasalahan:</u>

Kritikan anu diharepkeun	
Wangun caritaan	Pokok eusi caritaan

3. Nepikeun kritik kalayan alesan anu logis make anu sopan

Geusan ngaronjatkeun kaparigelan ngajarkeun nyarita : nepikeun kritik kalayan alesan anu logis tur make basa anu sopan.

Guru dipiharep bias motékar nimukeun jeung nyusun sajumlah permasalahan anu bakal nimbulkeun réaksi kritis, mere kritikan anu rupa-rupa tur variatif jeung teu weléh-wéelh nyebutkeun yén dina ngageunggeureukeun atawa, nyawad téh kudu make basa anu sopan. Basa anu pingeunaheun kana hate anu dikritik téa.

Ku make basa anu sopan mah, sanajan eusi kritikan téh kacida peuheurna, bias ditarima kalawan teu mangnyerikeun hate nu dikritikna.

Saméméhna geus dicontoan basa anu sopan tur logis alesanana

Masalah	Alesan ngritik (logis)	Basa anu diapaké Basa anu sopan
Pakéan anu teu nyurup (waktu+warna)	Tengah poé éréng-erengan make baju anu ngagulubur, rék ka ondangan. <u>Alesan logis</u> <u>Ari tengah poé</u> mah, pipantesanana téh anu warna sahib, lungguh.	Bapa, ibu saéna mah nganggo rasukanana henteu nu ieu. Geura anu sahéab mah langkung payus, sareng langkung-langkung cahayaan pameunteuna téh.

Pék bae tepikeun kritik kalayan alesan anu logis tur make basa anu sopan (jieun lima permasalahan) jieun sing leuwih alus tibatan conto diluhur!

E. Latihan

1. Nepikeun kritik téh hiji pagawéan anu hade sabab
 - a. Anu dikritik bakal langsung ngoméan kakuranganana

- b. Sanajan, teu rumasa aya kakurangan
 - c. Bias nuduhkeun kakurangan keur hiji kamajuan
 - d. Batur moal narima kitu baé naon-naon anu disarankeun
2. Anu narima kritikan, sabenerna mah kudu narima kalawan atoh sabab...
- a. Naon-naon kakurangan bias kanyahoan. Anu ku kirina mah boa kapopohokeun
 - b. Sahadé-hadéna ogé jieun sorangan sok aya baé kakuranganana
 - c. Aya nu nuduhkeun
 - d. Aya anu mangnudahken kagoréngan.
3. Kritiktéh teu salawasna mulus, sabab....
- a. Sok aya baé jalma rido nepikeun kritikan
 - b. Alus-gorengna hiji hal geus tanggungjawab masing-masing
 - c. Aya jalma anu ngaritik teu karena némbongkeun naon kakurangan turu kudu kumaha ngungkulanana
 - d. Aya ngan saukur haying disebut bias nyarita.
4. Permasalahan kritik anu diteupikeun mindeung teu ditarima, sabab.....
- a. Basa anu digunakeun lemes teuing kawas anu nyungkun
 - b. Basa anu dipaké teu merenah tur teu sopan
 - c. Masalahna teu sapira
 - d. Nu dikritik geus ngarasa biasa.
5. Poko-poko caritakeun téh kudu dicatet, sabab.....
- a. Supaya mérélé, sistematis mun dicaritakeun
 - b. Supaya teu poho disebutkeun
 - c. Sahadéna kitu
 - d. Numutkeun ceuk aturan basa

KAGIATAN DIAJAR 4
NGARONJATKEUN KAPARIGELAN
NGAJARKEUN NYARITA : BIAN TARA

A. Standar Kompéténsi

Mampuh ngébréhkeun pikiran, perasaan, jeung kahayang sacara lisan dina nyarita : biantara (pidato)

B. Kamampuh Dasar

Biantara

C. Daftar Rujukan

Dr. Garus Keraf. 1984. Komposisi. **Endé-Florés** : Nusa Indah

Henry Guntur Tarigan. 1988. Berbicara sebagai suatu keterampilan Berbahasa, Bandung : Angkasa

D. Tingkesan Materi

1. Kajadian atawa peristiwa nu ngalataran biantara
2. Poko nu bakal diteupikeun dina biantara
3. Nuliskeun poko-poko eusi biantara kalimah dina wangun sababaraha
4. Macakeun naskah biantara kalayan jeung intonasi anu merenah.

Kalungguhan pidato atawa biantara mere penjelasan, pertélaan kala balaréa, soca lisan boh keur ayeuna boh keur ayeuna boh keur jaga kacida pentingna. Sing saha baé nu pinter, pertentang biantara dinangtu bakal gancang bias ngawasa balaréa atawa masa. Jeung deui, bakal bias dina kasempetan sarupa kitu némbongkeun wewesan, gagasan anu bakal ditarima. Sadengkeun jalma nu teu bias biantara dihareupeun umum, manéhna teu sanggup ngayakeun komunikasi jeung rahayatna secara langsung. Laun ti laun bakal ditinggalkeun ku anggota masarakatna. Sanajan jujur ngajalankeun tugas, tapi lamun teu parigel komunikasi langsung, kawas pugag lampah. Moal boa teu boga anak buah.

Tatéla kaparigelan ngébéhkeun pikiran sacara lisan, atawa “panyajian lisan” lain baé kudu parigel ngawasa basa nu bener tur lancer, tapi aya pasaratan

Upamana : kawani, tenang dihareupeun umum, sanggup ngayakeun réaksi anu gancang, nepikeun gagasan lancer tur bérés, jeung gerak-gerik anu luwes (komposisi:314)

Saméméh **nyusun naskah biantara tangtu baé**, urang kudu apal pidato téh dina raraga naon. Dian aperistiwa nu kumaha. Dina acara kagamaan, ulang taun, atawa papasrahan jeung panarimaan seserahan calon pengantén lalaki, urang **th kudu apal/néangan** informasi deui anu aya patalina jeung situasi, kahirupan masarakat, jste.

Jadi bakal béda maksud pidato keur hareupeun kelompok tani jeung hareupen massa. Demonstrasi malah ayana TPA, upamna.

pék baé timukeun peristiwa nu ngalataran biantara jeung pijuduleun biantara (5 latar – 5 judul)

2) Baca sing target!

Timukeun hal nu ngalataran ieu naskah biantara

Judulan ieu naskah biantara téh!

Assalamualaikum Wr. Wb.

Alhamdulillah Robbil alamin washolatu wassalmu ala Asrofil anbiyai wal mursali.

Wa’ala alihi wasohbihi ajmain. Amma badu.

1. Para hadirin rohmateun sim kuring.

Sadayana puji kagungan Alloh anu parantos masihan nikmat iman sareung nikmat islam kaurang sadayana. Sholawat sareng salam mugi dilimpahkeun ka Kanjeung Nabi Muhammad SAW, ka para Kulawargana, ka para sahabatna, sareng sakumna jalmi anu turut sareng tunduk kana aturan nabi Muhammad SAW dugi ka yaomal kiamat.

Para sadérék sabangsa jeung sanagara

Mugi syukur ka Alloh SWT, wiréhna urang sadayana tiasa sasarengan miéling hari proklamasi kamerdékaan RI nu ka-48. Ku ngayakeun paringatan kana hari proklamasi nu ka 48 hartina urang téh tos 48 taun ngareguk kamerdékaan.

Para sadéréh sadayana ieu kamerdékaan téh kurnia ti Alloh SWT nu dipasihkeun ka bangsa Indonesia, nu diproklamirkeun dina tanggal 17 agustus 1945 di Jakarta.

Para sadérék sadayana, kamerdékaan téh lain paméré ti penjajah tapi kamerdekaan the hasil kusabab ayen kasauyunan jeung usaha bangsa sabangsa Indonesia kalawan ngorbankeun raga jeung nyawa nu lain saeutik. Syukur Alhamdulillah dina waktu harita bangsa Indonesia sabilulungan ngahiji teu pandang bulu ngarebut tanah nu dipicinta nyaeta nagara Indonesia. Muga-muga Alloh masihan berkah ka nagara urang sarta tetap nagara urang aya dina beungkeutan persatuan nepi ka akhir jaman.

Ku ni'mat kamerdékaan, kawajiban urang ngawangun nagara ku jalan ngagunakeun sagala daya jeung upaya pikeun kamakmuran saréréa. Urang salaku warga nagara Indonesia ngabogaan kawajiban, ngabogaan tanggung jawabngabina kasatuan Negara.

Berkahna tina perjuangan hail perjuangan rahayat Indonesia kiwari, kudu dibuktikeun ku cara ningkatkeun pangwangunan disagala bidang banting tulang pikeun kabagjaan dunia akhirat.

Diantara sasama bangsa sa Nagara, sa agama sawadina urang kudu silih wahsiatan dina hak jeung bebeneran; silih wahsiatan tina iman, amal sholeh, nangtungkeun kaadilan jeung silih wasiatan ku kasabaran.


Alahamdulillah hayu urang sambut kamerdékaan téh ku rasa syukur jeung sumangeut anu ngageudur pikeun kamajuan agama, bangsa jeung nagara.

Mudah-mudahan Alloh SWT masihan hidayah jeung pituduh-na ka urang sadayana sing aya dina jalan anu dipiridho ku mantena.

Wabilahitaufik walhidayah

Wassalamualaikum Wr. Wb

2.



Poko anu ditepikeun dina biantara


Saméméh nyebutkeun poko anu bakal di tepikeun dina biantara, sebutan heula poko anu aya dina naskah biantara diluhur!

Poko anu bakal ditepikeun dina biantara sambutan ka nu angkat naik haji, nyaeta

:

- a. Bubuka : Fuji syukur ka Alloh
 - b. Ibadah Haji
 - c. Piwuruk nabi
 - d. Sdrk. Kersa naek haji
 - e. Pasaratan fisik
 - f. Panjurung ka Pa Karsa
 - g. Pangdua keur sdrk. Pa Karsa
3. Nuliskeun poko-poko eusi biantara dina wangun sababaraha kalimah
- a. Puji sukur ka Alloh, hadiri tiasa tepung lawung
 - b. Hadirin téh sarumping bade jajap Sdrk. Karsa naék haji
 - c. Piwuruk Nabi Muhammad, kanu mampuh énggal nglaksana-keun naék haji
 - d. Pa Karsa seja naék haji
 - e. Naék haji merelukeun pasaratan fisik jeung matéri
 - f. Hadirinnngajurung du'a –syukur ka sdrk Pa Karsa
 - g. Pangdu'a kanggo sdrk Pa Karsa sing aya dina kasalametan sapuratina
4. Macakeun naskah biantara Kalaan lafal jeung intonasi nu merenah.

Pék baé baca ieu naskah biantara. Biantara sambutan ka Nu angkat Naék Haji!



Biantara

SAMBUTAN KA NU ANGKAT NAEK HAJI

Assalamu'alaikum Wr. Wb.

Para sadérék sadaya

Kalawan karunia jeung pitulung Alloh urang dipasihhan kasempetan hadir dina ieu riungan maksadna jajap Pa Karsa bade ngalaksanakeun rukun islam anu kalmianya éta ngajalankeun ibadah haji ka Baétullah.

Mémang ibadah haji téh ngarupakeun ibadah wajib ka satiap muslim sareng muslimat anu kawasa boga bekel pikeun di jalanna sarta boga bekel pikeun kulawarga di lembur nu dikantunkeun, sapertos nu dawuhkeun ku Alloh dina Qur'an surat Ali-Imron ayat ka 97, anu hartosna kieu: jeung wajib ka sakumna manusa karena Alloh mungguh haji keur sing saha anu kadada kaduga nglaksanakeunana.

Nya kitu deui kangjeng Nabi Muhammad SAW, masihan pépéling ka urang sadayana anu dawuhanana:

Hadirin andika gancang-gancang ngalaksanakeun ibadah haji, sabab saéstuna hiji jalma moal uninga halangan nu tumiba ka dirina nu bakal ngahalangan kana ngalaksanakeun ibadah haji.

Ieu hadist diwirayatkeun ku Iman Ahmad.

Para sadérék sadaya.

Sapagados sareng firman Alloh katut sabda Rosululloh tadi Pa Karsa bade angkat ka tanah suci Mekah bade ngalaksanakeun ibadah haji. Memang ibadah haji ibadah anu kaétang abot, di sagédéngéun urang kedah mampuh ngayakeun kanggo ongkosna, kanggo ngantunan kulawarga di lembur ogé kedah diperhatoskeun deuih.



Teu aya sanés ku angkatna Pa Karsa ka tanah suci ieu, Alloh masihan kakiatan iman sareng kaséhatan sabab ku séhatna wak walargi diri tiasa diharepkeun laksana paneja tiasa ngalampahkeun haji kalawan tartib jeung husu.

Para sadérék sadayana

Mudah-mudahan ku angkatna sadérék Pa Karsa tiasa salamet sadayana teu aya halangan teu aya harungan dugikeun ka patepang deui dibaligeusan ngajadi di lembur matuh banjar karang pamidangan salamet sadayana teu aya codékna atuh bilih aya kahilangan anu dihajana boh nu teu dihajana muga agung cukup lumur jembar pangampura. Nya kitu deui kulawarga nu dikatunkeun muga séhat walafiat aya dina lindungan Alloh Subhana wata'ala.

Mung sakitu ti sim kuring. Wassalamu'alaikum Wr. Wb

E. Latihan

1. Aspék kkarigelan biantara.....
 - a. Patuh jeung aspék maca
 - b. Patuh
 - c. Patuh jeung cara ngagunakeun tanda-tanda
 - d. Patali jeung cara pembelajaran naék haji
2. Biantara, cara nepikeun rupa-rupa saperti (KAJABA).....
 - a. Cara ngapalkeun naskah, saterusna dilisankeun
 - b. Cara naskah, naskah biantara diapalkeun terus dibaca
 - c. Taya persiapan naskah, nyieun catetan penting geusan runtuyan nyarita.
 - d. Cara naskah, naskah dibaca saayana.
3. Metodé atawa cara biantara anu disarankeun, nyaéta cara....
 - a. Tanpa persiapan naskah
 - b. Méthode naskah
 - c. Cara ngapalkeun
 - d. Cara dumasar kana kabutuhan dadakan
4. Para hadirin sadaya anu simkuring dimulyakeun. Dinten ieu ping 20 Désémber, anus ok disebut “Hari Sosial” nya éta poé anu kacida pentingna pikeun urang sadayana, nu masihan pangrojong jeung pépéling ka sakumna manusa yén manusa hirup di masarakat ieu ngabogaan hak jeung kawajiban dina widang social.
Kalimah jajaran kahiji sakuduna susunan kawas kieu.....
 - a. Para hadirin anu ku simkuring dimulyakeun
 - b. Hadirin sadaya anu ku simkuring dimulyakeun

- c. Hadirin anu ku simkuring dimulyakeun
 - d. Para hadirin tamua anu ku simkuring dimulyakeun.
5. Anu jadi poko caritaan dina paragraph (soal no 4) biantara kasebut nyaéta..
- a. Tamu undangan
 - b. “hari social” kacida penting
 - c. Masihan pangrojong jeung pépéling
 - d. Manusa boga hak jeung kawajiban.

KAGIATAN DIAJAR 5
NGARONJATKEUN KAPARIGELAN NGAJARKEUN NYARITA
(SAWALA)

A. Standar Kompetensi

Mampuh ngébrehkeun pikiran, perasaan, jeung kahayang sacara lisan dina nyarita sawal

B. Kamampuan Dasar

Kompetensi Pasar Sawala (diskusi)

C. Daftar Rujukan

Drs. AHS Stermeding 1978. Teknik Rapat dan Diskui Kelompok Jakarta : Balai Aksara.

Suryadi: 1983 Membuat Siswa aktif Belajar. Binacipta.

D. Tingkesan Materi

1. Ngatet/nuliskeun -poko-poko nu dibahas dina sawala.
2. Nepikeun panalék ngeunaan hal kagiatan di sakola
3. Bisa ngajawab panalék tina hal rencana kagiatan di sakola dina wangun saran

Sawala atawa diskusi, nyaéta hiji kagiatan gunem catur dilaksanakeun minimal ku dua urang. Leuwih réa jelemana, hasil nu dipikahareup bakal leuwih hade, sabab euyeub ku pamadegan.

Atuh gunem catur ogé bakal lebih rame.

Tujuan sawala téh lain ukur gunem catur tanpa bukur atawa siga debat kusir, tapi kumpulan sababaraha jalma pikeun silih tukeur pamadegan pikeun ngaréngsékeun pasualan kalawan babarengan. Ku kituna kacindekan hasil sawala téh lain putusan disaruang, tapi mangrupa putusan kelompok. Hal ieu pisan nu jadi tujuan poko dina diskusi atawa sawala téh cindekna mah, Meunangkeun hiji mufakat hasil adu renyom sanggeus ngalieatan prosés padungdengan ngébréhkeunpamadegan ti masing-masing anggota sawala. Hal-hal anu kudu diperhatikeun dina sawala

1. Ngébréhkeun pamadegan masing-masing

Maksudna, dina kagiatan swala téh kudu ngahudang minat anggota sawala pikeun cacarita ngébréhkeun pamadegan. Anggota sawala kudu diberé kasempatan pikeun ngébréhkeun pamadégan.

2. Madungdengkeun Pamadegan sorangan jeung pamadegan batur

Maksudna, padungdengan (konfrontasi) pamadegan jeung nu lian téh kudu dijaga jadi pandudengan nu saenyana. Kudu aya tarékah nu enya-nya pikeun ngadangukeun sawala ancrub kana alam pikiran batur anu mungkin baé papalingpang jeung pamadegan sorangan jadi lain saukur ngan ngadangukeun wungkul, tapi aya upaya pikeun narima dasar pikiran nu lain.

3. Niténan deui pamadegan sorangan

Maksudna, kudu tarima ayana parobahan. Teu cukup ku ngébréhkeun pamadegan sorangan atawa ngadangukeun pamadegan batur kalawan hade. Aya nucleuwih utama nyaéta nyusun deui tinimbangan-tinimbangan naik kasadiaan urang pikeun hiji waktu ngalésotkeun pamadegan sorangan.

4. Nyaéta/nuliskeun poko-poko nu dibahas dina sawala

5. Nyaéta poko-poko nu dibahas dina sawala kacida di-perlukeunana.
Guneman pikeun mikanyaho laporan mana anu dipilih sarta keur kana kamangpaatanana, naha dimangpaatkeun husus keur kelompok. Aya sababaraha variasi nu perlu dicatet :

a. Catetan pribadi :

Unggal peserta wsawala nyatetkeun hal-hal nu dianggap penting keur dirina sorangan

b. Catetan kacindekan

Masalah poko nu dipadungdengkeun dicatet. Tangtukeun jejer (topik) nu narik perhatian.

Diskusi Kelompok Medar Masalah Pembelajaran Puisi

Hal-hal anu kudu siapakeun ku guru nya éta pangaweruh ngeunaan puisi nu enyé-enyé geus kapimilik ku guruna sorangan.

Boh téknik.....puisi, boh dasar-dasar téoritisna sanggeus kitu urang kudu nyiapkeun conto puisi anu luyu jeung siswa

Posisi guru salaku fasilitator jeung motivator nu baris ngarahkeun siswa kana kagiatan diskusi. Upamana mimitina (saméméh) diskusi, guru macakeun heula hiji puisi atawa nitah ka murid sina maca puisi di hareupeun kelas. Murid nu liana ngaregep-keun. Langkah saterusna guru nyodorkeun panalék pikeun bahan diskusi téa.

Dina kagiatan diskusi ulah kaliwat, kudu dibarengan ku catetan. Jadi lain madungdengkeun wungkul. Masing-masing anggota diskusi nyiapkeun catetan, nyatetkeun poko-poko pasualan anu muncul dina diskusi, atawa hal-hal nu baris dipedar dina diskusi.

Dina pembelajaran puisi, baris kateungén aya sababaraha pasualan, upamana baé (1) masalah karep-minat siswa kana puisi (2) kurangna pangaweruh ngeunaan puisi (3) teu aya pembiasaan maca atawa nulis puisi dina pembelajaran basa.

Pék, bagi-bagi unggal kelompok téh sina medar hiji jejer seperti nu bieu téa.

Terus catetkeun naon waé anu jadi poko-poko bahan diskusina. Mungkin baé ti unggal kelompok diskusi aya pamadegan anu sarua.

Eta bakal katangen lamun unggal anggota kelompok boga catetan pasualan. Ronjatkeun terus karep siswa pikeun diskusi euyeuban ku cara néangan akar pasualan anu utama.

Patalikeun jeung pangalaman dirina sorangan, sakali deui pancén guru dina kagiatan diskusi salaku pangjejer, guru nalingakeun kagiatan diskusi nu keur dilaksanakeun ku siswa. Atuh saméméhna jelaskeun heula tujuan diskusi téh réh ngahontal atawa néangan mufakat dina hal naon. Guru kudu ngaping salila lumangsungna diskusi, ngalempeng kagiatan. Koncina ngarahkeun siswa kana pasualan utama.

Praktek Nagaronjatkeun Kaparigelan Nyarita Dina Sawala

1. Baca ieu puisi, dua tilu balikan, terus diskusikeun!

MUSIBAH

(Mubyar Parangina)

Musibah téh dimana-mana

Dikota, dilembur. Dimana-mana

Aya waé musibah anu matak geumpeur

Anu alim karugan

Lumpat ka basisir laut

Anu alim kena tsunami

Lumpat ka gunung pangjangkungna

Di kota, bias kajantenan banjir

Dipakampungan bias aya urug

Dimana-mana aya musibah

Musibah nuturkeun waé

Lamun alam keuna musibah

Solat anu getol !!!

Diskusi Kelompok

Tujuan : Pikeun ngébréhkeun pamadegan serta nyangkem informasi ngeunaan poko anu jadi pasualan; diajar ti anggota kelompok liana

Peran guru salaku pamingpin kelas nu nalingakeun kagiatan diskusi

- a. Mantuan nangtukeun pamingpin kelas nu nalingakeun kagiatan diskusi

Upamana : “Pangaweruh ngeunaan puisi”

- b. Ngarojong anggota kelompok saméméh diskusi dilaksana-keun
 - Barudak, ayeuna urang dsikusi, apan diskusi téh salah sahiji, kagiatan hade dina berdémokrasi mah!
- c. Nyiapkeun ruangan, korsi diperenahkeun ngurilingan méja, sangkan para anggota bias pasanghareup-sanghareup
- d. Nyiapkeun panalék samémé muka diskusi.
 - Saha nu can kungsi meunang musibah?
 - Nukumaha waé ari musibah téh?
 - Hidep Sapamadegan henteu jeung pangarang puisis “MUSIBAH”?
- e. Ngajelaskeun pasualan nu rék didiskusikeun ayeuna téh,
 - nyaéta neuleuman eusi sajak anu judulna “MUSIBAH”
 - Sangkan leuwih paham karna eusi éta sajak, guru bisa nanya kieu ka unggal kelompok diskusi. Diskusikeun!
 - Naon nu ngahudangka panyajak nepika manéhna ngébréhkeun pangalamanana!
 - Kumaha pamanggih panyajak kana masalah musibah?
 - Amanat naon nu di teupikeun ku panyajak téh?
- f. Méré kasempetan ka anggota tiap kelompok pikeun nuliskeun poko-poko pasualan ku kapanggih dina puisis:
 - Naha make aya musibah?
 - Keur saha waé musibah téh?
 - Naha jalma make sieun jeung musibah?
 - Naon hubunganana solat jeung musibah
- g. Méré kasepetan ka tiap kelompok pikeun nyieun kacindekeun tina hasil diskusina.
 - Dumasar hasil diskusi kelompok, pék cindekeun naon baé pamanggih hidep téh, catet kalawan make kalimah anu bérés!
- h. Ngaévaluasi pangalaman diajar kelompok.
 - Tadi urang geus diajar diskusi. Aya sababaraha hal nu katangén ku ibu.bapak guru :

1) Nu hadena

- Hidep geus bisa ngébréhkeun pamadegan ka babaturan
- Hidep geus silih pertahankeun pamadegan masing-masing
- Hidep geus diajar leah hate, bisa narima pamadegan batur, dihijikeun jeung pamadegan sorangan jadi pamadegan kelompok.

2) Nu kudu dioméan

- Sikep , aya kénéh nu kurang daria, ukur ngadangukeun wungkul, kurang apresiatif.

Nepikeun Panalék Ngeunaan Hal Kagiatan di Sakola

Ngébréhkeun pamadegan atawa nanya mangrupa kagiatan komunikasi nu bisa disebutkeun babari. Teu munasabah jadi hésé pikeun budak anu cicingeun mah.

Jadi nepikeun pamadegan jeung panalék téh hiji kagiatan anu teu bisa diukur, sabab dipangaruhan ku factor verbal jeung nonverbal. Kumaha carana sangkan dina hijikomunikasi lumangsung kalawan komunikasif, hartina aya guneman dua arah arah atawa leuwih? Eta hal pisan nu kudu di tarékahan ku guru sangkan murid bisa cacarita kalawan buleud jeung bener.

Dina gambar diébréhkeun aya murid jeung guru tapi katangén keur naonna mah, sabab béda lamun langsung. Bakal katangén pola tingkah laku bahasana, dina sikep, ucap, jeung réngkak-réngkakna.



Nu kudu di perhatikeun dina nepikeunpanalék, diantarana basa. Nu dipaké kudu sopan, eusi nu ditanyakeunnana kudu jéntré, basana ulah panjang teuing. Intina mah kudu aya tatakrama basa sartha dipikaharti.

Dina kagiatan sawala, ngébréhkeun pamadegan, nepikeun panalék jadi kagiatan berbahasa nu utmana. Silih tukeur informasi kacida dipentingkeunana.

Nepikeun panalék (nanya) dina kagiatan diskusi miboga tujuan anu rupa-rupa, diantaranya pikeun mikanyaho hal-hal anu teu dipikaharti atawa anu kaharti. Bisa ogé pikeun maluruh kaweruh jalma anu ditanya (anggota kelompok liana).

Teu munasabah ogé pikeun mikanyaho pamadegan naha sarua antara nu nanya jeung nu ditanya atawa henteu. Lamun henteu, tangtuna ogé bakal meunang informasi tambahan. Ieu cara kaasup kana téhnik hade dina kagiatan diskusi (sawala)

Pamingpin ngébréhkeun hiji pasualan ka para anggota kelompok, anggota ti unggal-unggal kelompok di pénta pikeun ngébréhkeun pamadeganana ku cara nanya, kumaha ngaréngsékeun éta pasualan.

Contoh nepikeun panalék ngeunaan hal kagiatan

nu rék dilaksanakeun atawa mikanyaho cara-cara ngaréngsékeun hiji pasualan

2) Saterusna pék ébréhkeun pasualan nu jadi jéjér téh ka unggal kelompok, umpamana.

-Kagiatan sakola henteu salawasna bisa lumangsung luyu jeung rencana

3) Tunjuk salah saurang pikeun jadi juru catet, nu nyatetkeun sakur panalék ti unggal kelompok

4) Cageranan waktu nu diperlukeun dina kagiatan téh, ulah nepi ka ngayayay, atawa béak waktu sedeng jawaban can réngsé ditepikeun,

5) Kagiatan siswa dina nepikeun panalék, kudu merhatikeun hal-hal :

a. Jerona neuleuman masalah, jadi panalék téh henteu héngkér atawa déét.

b. Panalék lain magrupa koméntar, boh nu positif atawa negative.

c. Panalék sifatna lain saran

d. Panalék kudu diiapkeun heula, tertib sistematis, jelas, sarta langsung kana sasaran. Upamana :

- Naon guna mangfaat diayakeun kagiatan sakola téh?
- Saha waé nu kudu ngarojong kana éta kagiatan téh?
- Naon contona kagiatan sakola téh?
- Naon baé nu dibutuhkeun pikeun ngalaksanakeun kagiatan sakola téh?
- Saha nu tanggung jawab kana eta kagiatan sakola?
- Jste.



2. Bisa ngajawab panalék tina hal rencana kagiatan disakola dina wangunsaran


Bisa ngajawabpanalék kalawan luyu mangrupa kagiatan mikir anu terarah. Dina ieu hal hartina aya sikep kadariaan. Luyu jeung kagiatan méméhna, nyaéta nepikeun panalék. Ayeuna unggal anggota kelompok ogé kudu bisa ngajawab panalék. Kumaha cara guru dina ngarahkeun jawaban siswa sangkan henteu méngpar tina hal nu ditanyakeun, tangtuna merlukeun latihan anu daria.

Mindeng diayakeun kagiatan Tanya-jawab sangkan bisa ngajawab panalék, kudu neuleuman heula poko-poko pesualanana

Contona : dina forum Tanya jawab

Anggota kelompok jeung pamingpina silih talingakeun sata silih béré jawabanana ngeunaan hiji topic.

Kelompok bisa ogé dibéré daptar pertanyaan ngeunaan hiji topic, ku ayana daptar éta anggota kelompok bisa mere pertanyaan anu luyu jeung minatna sarta bisa neuleuman heula pijawabeunana :



Tarékah guru pikeun ngahudang kamampuh siswa dina cacarita, utamana bisa mere jawaban anu luyu kana panalék anu dibikeun kadirina, tangtuna ogé kudu di barung ku gawé bareng anu dipikaresepeun.

Ciptakeun suasana diajar anu narik ati. Sakur panalék anu diteupikeun jeung pangalaman kagiatan nu sakirana kaalaman ku diri siswa. Jieun suasana kompetitif. Béré kabebasan ka murid dina nepikeun jawabanana, ulah dicageranan. Murid-murid liana sina ngabandungan, lamun bisa upayakeun aya kagiatanmuter. Upamana : A dibéré pertanyaan ngeunaan hal kagiatan disakola. Jawaban ti murid A, koreh deui jadi wangun panalék anyar bikeun ka murid B. Jawaban ti murid B jadikeun panalek anyar deui bikeun ka murid C, kitu saterusna nepi ka jawaban mekar ti hal-hal nu dianggap teu sapira bisa jadi ngahudang sababaraha pertanyaan. Eta cara téh tangtuna baé aya upaya pangréka tiguruna. Ngolah aktifitas siswa di jero kelas sangkan hirup teu lesot ti peran guru anu kreatif.

Guru kudu apal karakter gelas, komo laum apal kana pribadi unggal muridna mah bakal leuwih hade

<p style="text-align: center;">Prakték nepikeun jawaban dina hal rencana kagiatan sakola</p>

Kagiatan guru :

1. Atur heula suasana kelas supaya tartib jeung pikaresepeun
2. Bikeun hiji panalék ngeunaan rencana kagiatan sakola ka murid nu dianggap calakan. Jadikeun jawaban ti murid téh panalék anyar, tapi

panalék téh beunang guru, keun sina murid nu liana baé nu mere tanggapan atawa panalék, sina dijawab deui ku baturna.

-Sakola urang gaduh rencana nyaéta baris ngayakeun kagiatan apresiasi seni kira-kira kasenian naon anu dipikaresp ku hidep?

Kagiatan murid :

1. Ngajawan panalék utama ti guru, anu saterusna méréjawaban-jawaban deui kana pamanggih baturna, keun sina hirup suasana dilelempeng ku guru
2. + Abdi mah resep group band anu ngetop!
 - Muhun, mending band ngarah rame!
 - + Tapi band mah sok gandeng?
 - Enya ketang, éngké saha nu ngajagana
 - +Kamari gé di kota naggap band, seueur nu cilaka
 - Matakna ulah band, mending dangdutan
 - +Maenya dangdutan?
 - Dandutan mah kan asyik, ngarah bu guru jaroged
 - +Ah ulah kampungan
 - Tapi hoboh cay...
 - +Abdi mah resep bobodoran
 - Geus teu aya pelawakna ogé
 - +lh aya, apan kamari ogé TPI ngayakeun kontés pelawak Indonesia
 - Muhun bobodoran wée
 - +Tambahan ku penyanyina
 - Pa Satpam wé penyanyina mah
 - +Jadi, kasenian naon atuh?

Guru Ngalempeng

(Nu penting pentas seni hiburan anu murah, meriah pikaresepeun jeung kira-kirana dipikaresep ku saréréa sarta mun bisa mah seni tradisional)

+ Atos wé calung

-Naon ari calung the

+ Maénnya teu apal, éta siga Mang Darso téa geuning

-Eta gé resep, das ok aya heureuyna, ramé

+ Tapi heunteu modern?

-Keun w atuh sakali-kali, sugan wé urang tiasa engé maén calung

+ ah hésé maén calung mah, da teu asal nakol

-Nya muhun atuh.

E.Latihan

1. Hal-hal anu kudu diperhatikeun dina sawala diantarana :

- a. narima pamadegan batur keur kapentingan pribadi
- b. nyatetkeun kagiatan lumangsungna sawala
- c. ngajelaskeun heula tujuan sawala
- d. Kudu aya silang pendapat

2. Naon mangfaat tina kagiatan sawala téh?

- a. bisa mertahankeun pamadegan sorangan
- b. bisa ngareéngsékeun pasualan kalawan babarengan
- c. bisa ngébréhkeun pamadegan kanu lian
- d. bisasilih pikanyaho pamadegan batur

3. Cara nepikeun panalék anu merenah nyaéta dina suasana :

- a. murid keur tenang
- b. murid keur ngobrol
- c. murid keur diskusi
- d. murid keur nulis

4. panalék anu hade téh nyaéta :

- a. tujul kana musibah

- b. make raéhan basa nu hade
 - c. panjang, ngarah pikahartieun
 - d. ngahudang jawaban ganda.
5. Sangkan murid bisa ngajawab panalék anu luyu jenis panalék kudu :
- a. nanyakeun masalah (pasualan) nu can dipikanyaho ku murid
 - b. nanyakeun hal-hal nu anyar (berita anyar)
 - c. nu hésé, ngarah murid diajar mikir
 - d. Pikhartieun luyu jeung minat murid.

KAGIATAN DIAJAR 6
MGARONJATKEUN KAPARIGELAN, NGAJARKEUN
NYARITA : DRAMA BARUDAK

A. Standar Kompetensi

Mampuh ngébéhkeun pikiran, perasaan jeung kahayang sacara lisan dina ngalaksanakeun cerita drama barudak

B. Kamampuh Dasar

Ngalalakonkeun carita drama barudak

C. Daftar Rujukan

Remy Sylado 1984. *Mengenal Teater anak*. Jakarta : PT. Pondok Press

Drs. Ahmad Hadi 2004. *Panggelar Satra*. Tangerang : Pamulang

D. Tingkesan ateri

1. Ngapalkeun dialog drama
2. Nalakonkeun drama luyu jeung “penghayatan-ekspresi gerak-gerik paroman (mimic) luyu jeung karakter tokoh.

Hal sarupa kitu téh mangrupa prosés pagawéan kréatif. Hiji wangun gawé kréatif.

Tétéla jalma téh mikabutuh suasana kahirupan “pura-pura” hiji suasana anu ngadatangkeun kagumbiraan jeung pait – peuheurna hirup. Tapi lamun seug perbuatan api-api téh dilakukeun karana dihaja tur direncanakeun pikeun lalajoaneun, jadi kalungguhanana disebut seni.

Saupama budak awéwé anu keur sasandiwaraan/dadramaan lumangsung sacara sadar, direncanakeun, nurutkeun pola anu tangtu. Dina laku kréatif kasebut upama aya pasualan anu haying ditepikeun, tétéla teu salah deui kagiatan sarupa kitu téh nya éta téater.

Paguneman, gunem catur anu timbul tina hiji paguneman demi ngarojong pasualan-pasualan tematis, urang sebut wawancang atawa dialog.

Drama saliana ti ngalalakonkeun hiji kajadian unsur nu tetep téh nya éta ngahibur.

Sing saha baé anu boga niat maén drama, kudu maén daria jeung enya-nya, sabab ku kadarian laku api-api tadi nyumponan sarat hiburan.

Mun dua urang nu ngalalakon guneman kudu gerak, bari tetep memperhitungkeun komposisi sangkan katempona alus (artistik). Gerak atawa pindah tempat cicing bari acting disebut bloking.

Pamaén (“pemeran”) nu disebut tokoh, pamaén rupa-rupa watekna luyu jeung peran anu dicangkingna.

Dina naskah drama sok aya pituduh, kumaha pemeran téh, jeung umurna kira-kira sabaraha taun. Kitu deui pasipatan (karakter) tokoh.

Hal sarupa kitu kacida pentingna pikeun mikaterang tokoh nu kumaha anu diperankeun ku pamaén téh.

Dina drama ogé aya katerangan ngeunaan suasana/latar kajadian.

Latar téh ngudukeun ayana kasaluyuan jeung kostum (pakéan), kabiasaan, paripolah. Supaya, lalakon “enya-enya” kajadian dina jaman/waktu anu geus ditangtukeun dina lakon/naskah.

1. Ngapalkeun dialog drama

Kaparigelan cara ngajarkeun: Ngapalkeun dialog drama

Naskah drama nu rék dipagelarkeun geus ditangtukeun, nya éta drama “Si Kabayan Ngala Roay”

Pemeran tokoh geus dipilih sarta ditangtukeun.

Pemeran Si Kabayan : Agus

Pemeran Mitoha Lalaki : Asép

Pemeran Nitoha Awéwé : Lilis

Ngapalkeun dialog drama

Saméméh pemeran tokoh ditangtukeun diayakeun heula acara milih pamaén. Sajumlah murid lalaki dités/dipilih diuji heula tina hal cara, caritaan, tangtungan waruga, jeung pipanteseun jadi pemeran tokoh Si Kabayan jeung tokoh Mitoha Lalaki.

Sajumlah murid Awéwé dipilih/dités, diuji kamampuhna/bakatna, tina hal cara, caritaan, tangtungan waruga, jeung pipanteseun jadi pemeran tokoh Mitoha Awéwé.

Nu ngetésna ogé teu sagawayah jalma. Guru kasenian, guru basa unda. Indonésia (tilu urang).

Mohaka ramé. Apan, aya anu diéliminasi. (niron acara televisi)

Prak-prakan ngapalkeun dialog para pemeran diuk dina korsi ngariung dibimbing ku guru.

- (1) Kajadian maca babarengan guru mecahkeun naskah sakabéh peran maca beda. Para pamaén maca naskah masing-masing di jero hate kalawan daria, aprésiatif maca marengan guru.

(Maksud ieu kagiatan pengenalan atawa ngawanohan naskah).

Aya diskusi ngeunaan naskah watek tokoh, cara nyarita, dina suasana ambek, keuheul, nyeri awak, ngajak, jste.

Patalékan ngeunaan tokoh.

1. Saha Si Kabayan?
2. Kumaha Watekna?
3. Kuma sikep ka mitoha?
4. Kumaha skep ka Si Kabayan

- Naon roay?
- Naon Huma?
- Naon sumber pengairan huma?
- Tutuwuhan naon nu dipelak di huma?

Tanya Jawab

Perkara basa/kecap nu dipaké dina naskah

Nyarita:

Aya lentong

Aya tarik

Launna sara,

Aya gancang antarena nyarita

- (2) Kagiatan maca babarengan (maca bedas). Anggi maca

peran tokoh Si Kabayan, Yati maca peran tokoh Mitoha Lalaki.

Mubyar maca peran tokoh Mitoha Awéwé (maca silih tempas, maca biasa baé tanpa éksprési, maksudna ogé maca pengenalan peran, ngararasakeun suasana. hal kasebut dilakukeun sababaraha balikan) (aya diskusi, Tanya jawab)

- (3) Kagiatan maca peran sorangan-sorangan, pada misah tempat. (ngararakeun sora sarongan, nimukeun intonasi jeung artikulasi, sarta diajar neuleuman watek tokoh nu diperankeun).

(Kagiatan ieu, dibéré waktu rada laluasa, rada lila). (Aya Tanya jawab ngeunaan pangalaman maca anu bieu dilakonan.)

Kagiatan maca babarengan maca bébas paguneman (silih tempas). Ayeuna geus mimiti témbong watak. Kitu deui cara nyarita geus dieusian ku intonasi jeung artikulasi.



Guru ngalempeng hal-hal anu can luyu, boh cara nyarita boh ngawatekan peran.

Kagiatan maca bareng silih tempas lumangsung rada lila. Geus mimiti tembong, naskah téh mimiti apal

(apal dialog).

Masing-masing pamaén kudu apal nyarita téh nempas saha supaya teu kajadian nyarita atawa nempas dialog bagéan batur.

- (4) Kagiatan ngapalkeun dialog sewang-sewangan. Misah tempat
- (5) Kagiatan latihan dialog (tanpa téks) disartaan ku artikulasi-intonasi, jeung karakterna. (témbong dina gerak-gerik, mimik atawa paroman jeung dina caritaan)
- (6) Latihan bloking, sarta kaluar jeung asup ka panggung tempat maén.
- (7) Latihan (sarta koordinasi jeung petugas tata lampu, tata panggung, tata sora, at arias, jste)
- (8) Latihan ahir.

Latihan kumplit sapuratina.

Aya diskusi, saran-saran, jste.

Para pamaén dibeelan wejangan pangrojong,
Sumangat, rasa tanggung jawab.

2. Maén drama barudak

Kaparigelan cara ngajarkeun maén drama barudak

Guru, nu jadi sutradara (pangatur laku), tetep manco dina panggung nyakséni, ngatur palaku, ngatur nu ngadékor, jsté. Salila lumangsungna pementasan.

Lalakon tamat dipungkas ku silih sasalaman sutradara, pamaén, jeung petugas séjén grup drama.

SI KABAYAN NGALA ROAY

Babak I

(Si Kabayan saré kénéh ngahuger di kamarna. Kérékna tarik mani nyegrék. Saking ku tarikna, hayam nu dikurungan dina carangka tepi disarada tigeuleugeur rareuwaseun. Tuluyana patémبالan, kérék Si Kabayan téh jeung srora hayam. Torojol mitoha Si Kabayan, ngahudangkeun).

Mitohana : Kabayan! Hudang atuh, geus beurang!

Si Kabayan : (Ngulisik) éééééh!

Mitohana : Hayu urang ka huma, bantuan Abah ngala roay!

Si Kabayan : (Kukulisikan kénéh) Eééééh...!

Mitohana : Geuwat hudang, bisi beurang mantén!

Si Kabayan : (Hudang, kukuliatan, ngomong semu medenghel). Keur ngeunah-ngeunah saré aya nu ngagugubrag.

(Najan wegah Si Kabayan maksakeun maneh milu eung mitohana ka huma. Sajajalan kuraweud baé. Ambek ka mitohana).

Si Kabayan : (Kukulutus ngomong sorangan.) atah adol mitoha téh.

Aing keur ngeunah-neunah saré make digeuingkeun. Pira gé ngala roay, make kudu dibantuan sagala. Keun siah

(Tepi ka huma, mitohana tuluy ngala roay. Ari Si Kabayan gawéna ngahuleng jeung ngarahuh baé, sangeuk mantuan. Keur kitu karérét karung wadah oay. Nyéh Si Kabayan imut, kawas manggih piakaleun.)

Si Kabayan : (Ngomong sorangan) Tah, aya akal, euy! (Ngagorowok ka mitohana) Abah! Abah! Kuring rék ka cai heula, mules beuteung. Dagoan wé, ulah ninggalkeun!

Mitohana : Heug, ulah lila teuing!

(Mitohana anteng baé ngala roay. Ari Si Kabayan, lain tuluy ka cai, tapi kalah sup lalaunan, asup kana karung wadah oay. Awakna dipurungkutkeun bari ngaruang manéh ku roay tapi ka teu katémbong. Metung katenjona karung téh).

(Mitohana turun tina tangkal roay. Luak-lieuk, ngadagoan Si Kabayan. Barang rét kana karung nu geus metung, rét baé dipocong, ditalian. Éta karung dijungjungjungjung).

Mitohana : (Ngomong sorangan) Aéh, beurat naker geuning, kudu ku duaan ieu mah mawana ogé. Keun rék digotong engké jeung Si Kabayan.

(Lantaran Si Kabayan teu embol-embol, riyed baé éta karung dipanggul ku mitohana.)
(Tepi ka imah, éta karung téh diteundeun di dapur. Mitoha awéwé haripeut nyamperkeun, cakah-cikih muka tali karung).

Mitoha awéwé : (Nanya bangun héran) Euleuh-euleuh, cukul geuning pelak roay urang téh, nya. Ieu mani sakieu lobana. Naha? Ieu maké dibengkot ku sorangan abahna, ari Si Kabayan kamana?

Mitoha lalaki : Ngomong bari hah-héh-hoh) Nyaéta, mules beuteung cenah, tapi ditungguan teu embol-embol.

Mitoha awéwé : Nurustunjung siah! Kolot hah-héh-hoh, ari sia ngahénén ngeunah-ngeunah!

Si Kabayan : Hé...hé... tadi gé da uing mah keur ngahénén saré, naha atuh bet dihudangkeun.

Mitoha awéwé : (Bari kekerot) Cucungah siah!

Babak 2

(Isukna deui, Si Kabayan jeung mitohana indit deui ka huma. Barang datang gé Si Kabayan tuluy segut baé meika roay. Mitohana rét deui rét deui ka Si Kabayan, kawas keur nungguan bongohna. Basa katénjo Si Kabayan keur anteng ngala roay, sulusup waé mitohana abus ka jero karung.

(Si Kabayan luak-lieuk, gura-gero. Mitohana ngahéphép di jero karung. Ari rét Si Kabayan kana karung wadah roary, geus pinuh. Reketek wé ditalian.)

Si Kabayan : (Bari ngagulingkeun karung) Abah téh ninggal-keun aing, meureun keuheuleun kénéh urut kamari. Kajeun ah, aing gé rék balik. Rék digusur wé ieu karung téh, da moal kabawa dipanggul ku sorangan mah. (Durudug karung digusur).

Mitohana : (Ti jero karung) Kabayan! Kabayan! Ieu aing mitoha sia, ulah digusur! (Reg Si Kabayan eureun. Rét kana karung).

Si Kabayan : (Bari meupeuh karung) Ah, puguh roay Roay !

Mitohana : Kabayan! Ieu mah aing, lain roay. Naha sia teu apal kana sora Abah?

Si Kabayan : Naha atuh Abah bet abus ka jero karung?

Mitohana : Kapan haying males ka sia! Eureun! Ieu awak aing bararéd!

Si Kabayan : (Bari terus baé ngagusur karung) Heug moal digusur, tapi uing boga paménta ka Abah!

Mitohana : Naon kahayang sia? Ku aing ditedunan asal eureun ulah ngagusur baé!

Si Kabayan : (Ngarandeg) lamun uing keur saré, poma Abah ulah ngagugubrag!

Mitohana : Heug! Geuwat nuka karungna!

Si Kabayan : Ké heula, da paméntana ogé karék hiji

Mitohana : (Ngagorowok) Doraka siah, Kabayan, doraka, nyiksa ka kolot!

Si Kabayan : (Bari tutunuk kana karung) Paménta nu kadua, poma Abah ulah nitah barang gawé ka uing, iwal uing nu karep sorangan.

Mitohana : Kudu digawé jelema mah deuleu, ari haying barang dahar mah!

Si Kabayan : Nya heug wé ku uing digusur deui. (Karungna digusur deui, tapi malik ka tukang ayeuna mah ngagusurna.)

Pam..... (Kakara gé engab rék cacarita deui, na ari gebrus téh Si Kabayan tigulig ana susukan nu jero. Karung nu dicekelan lésot. Si Kabayan gegeroan bari awakna nyungseb kana leutak susukan. Mitohana ngulisik kaluar ti jero karung).

Mitohana : (Bari nulak cangkéng) Naon paménta sia ayeuna?

Si Kabayan : (Lumengis) Tulungan uing, Bah! Tulungan

Mitohana : Najis teuing! (Bari tuluy ngajengkat ninggalkeun)

(TAMAT)

Di cutat tina : Panggelar Sastra.

Karya : Drs.Ahmad Hadi Tangerang : Pamulang 2004.

E. Latihan

1. Ngapalkeun dialog drama téh, maksudna nya éta
 - A. ngan wungkul ngabiasakeun maca
 - B. kagiatan maca jero haté
 - C. kagiatan maca sakalian ngawanohan eusi jeung karakter tokoh
 - D. ngan wungkul ngalatih intonasi jeung artikulasi

2. Prak-prakan ngapalkeun dialog bareng téh
 - A. ngalatih sangkan apal kana dialog hancengan sorangan jeung bagéan batur
 - B. teu kudu da apal naskah mah bisa dilaksanakeun ku masing-masing pemeran sacara individu
 - C. bisa numuwuhkeun kapercayaan diri jeung kamampuh
 - D. ngalatih diri bisa hirup babarengan tur silih élédan

3. Maén drama téh
 - A. bisa numuwuhkeun hirup silih ajenan
 - B. bisa numuwuhkeun rasa silih percaya
 - C. bisa ngajanggelekkeun rasa tumarima
 - D. bisa nimbulkeun rasa babarengan

4. Latihan cara ngajarkeun karakter (pasipatan), nya éta
 - A. masing-masing pemeran dipasih peranan tokoh anu geus ditangtukeun, upamana, tokoh bapa, 57 taun

- B. pemeran, langsung latihan ngeunaan tokoh, sakumaha tafsiran dirina sorangan
- C. neuleuman heula kumaha kabiasaan tokoh bapa 57 taun ngaapresiasi tuluy latihan
- D. masing-masing pemeran, bisa ngaaprésiasi jeung nangtukeun kumaha peran nu rék dilaksanakeun

5. Pementasan drama téh....

- A. kagiatan positif dipigawé ku murid-murid
- B. bisa numuwuhkeun rasa percaya
- C. mangrupa puncakna kagiatan tina latihan, meranan tokoh, cumarita, jste
- D. bisa numuwuhkeun kaparigelan nyarita